

ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

**ЛъаратIа си цIигьабулеб буго**

Стр. 2

СПОРТ

**ГIумарпашаев ракIалде щвезавиялъул турнир тIобитIана**

Стр. 4




# ЛЪАРАТIА

ЛъаратIа районалъул газета



№ 9 * июнь 2017 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


# КIособ росулъе нух щвана

**ЛъаратIа районалде унеб шагьра нухалда хьил тIвезе байбихьун букIана 2014 абилеб соналъ. Лъабго соналда жаниб Гьидерил кьо бугеб бакIалдаса КIособ росулъе щвана хьил тIураб шагьранух. Гьал кьоязда КIособ росулъ шагьранух щвеялъул данделъи гьабуна республикаялдаса рачIарал нилъер ракьцоял хIакимзабаз ва районалъул нухмалъиялъ.**

Июналъул 14 абилеб кьоялъ районалъул нухмалъиялъ КIособ росулъ дандчIвана республикаялъул бетIерасул вакил ГIалибег ГIалиев ва росдал магIишаталъул министрасул заместитель Шамиль БахIарчиев. Гьел рачIана ХIебда-КIособ шагьранухалда хьил тIун лъугIараб рохалилаб данделъиялда гIахьаллъизе. Гьединаб амру букIанила республикаялъул бетIерасул.

ЦIияб нух гьабураб участок букIана гьеб квешал рорхатал къурабиги тIаде кьулун чIараб. ГIага-шагарго аскIоб бугеб кьурул борхалъи буго 70-80 м борхалъи бугеб. Гьеб хIалтIи гьабизе ун буго кинабниги лъабго сон. Гьанже КIособросулъа тIаде ЛъаратIе щвезегIан бигьалъулеб буго нух гIатIицIазе.

ТIаде рачIарал гьалбалги дандчIван, кIалъазе цеве вахьана районалъул бетIер Ражаб Ражабов.



**«Жакъа нилъ данделъизе кIудияб рохалилаб гIилла буго. Гьале КIособ росулъе щвезегIан хьил тIун буго ХIебдаса тIаде бищунго квешаб 25 км нухлул участокалда. Нух гьаби гIицIго нилъер районалъе роххел гуреб, тIолабго республикаялъул кIваралъул бергьенлъи буго. Гьелъ бихьизабулеб буго мугIрузул районазде республикаялъул бугеб хасаб бербалагьи. Баркала кьезе бокьун буго нилъерго республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасе. Гьес нилъер районалъе кIудияб кумек гьабулеб буго кидаго»**, - ян бицана Ражаб Ражабовас.

КIалъазе рагIи кьуна республикаялдаса щварал нилъер ракьцоязеги. Шамиль БахIарчиев цеве вахьана жиндирго росдал жамагIаталда цеве.

**«Жакъа КIособ росулъе нух щвей буго кIудияб давла дир росуцоязе гуреб тIолабго Дагъистаналъе ва хасго республикаялъул мугIрузул районазе. Загьид Хучбаровас гьабун буго кIудияб, баракатаб хIалтIи, щайгурелъул Аллагьас цIакъго кIудияб кири хъван буго нухал ва иццал гьарулев чиясе».**

ГIалибег ГIалиевасул рагIабазда рекъон, Рамазан ГIабдулатIиповас цIакъго кIудияб кIвар кьолеб буго республикаялда мугIрузул районал цере тIезариялъе гIоло. Гьелъул мурадалда бахъулеб бугила магIарухъе цIияб хьил тIураб нух.

**«Гьаб хIалтIи гьоркьоб къотIизе тезе гьечIо. Гьаниб лъугIизе гьечIо нух. Цо лъагIалида жаниб шагьранухалда хьил тIун лъугIизабизе буго райцентралде щун. Нижее бищунго кIвар цIикIараб, ниж роххараб иш буго, гIицIго нухал гьарулеб агенствоялъ гуреб, жамагIаталъулги кумекалдалъун нух гьаби»**, - ян абуна ГIалибег ГIалиевас.

Киданиги ЛъаратIа гьадинал данделъаби толаро гьоркьоб кечIмакъан, кьурди гьечIого. Жидецанго хIадурараб программа бихьизабуна ЛъаратIа культурияб рукъалъул нухмалъиялъги. Шамиль БахIарчиевас республикаялъул бетIерасул рахьалдаса нухал гьарулеб бригадаялъул 10 хIалтIухъанасе кьуна цо-цо чIагояб куй. Гьеб гуреб, хадубккун мажгиталда мавлидги гIуцIана.

Ахиралда Ражаб Ражабовас баркала кьуна киналго данделъиялда гIахьаллъаразе, гьеб шагьранух гьабиялъе квербакъи гьабурал ва гьеб хIалтIуде гIахьаллъи бугел киназего.





❁ *лъайкьей*

## Ахирисеб цIумур цIияб къагIидаялъ кьабуна

**Щибаб лъагIалидаго гIадин 25 маялда исанаги тIолабго улкаялда тIобитIана ахирисеб цIумур кьабиялъул тадбир. Гьединго нилъер районалъулги киналго школазда кьабуна ахирисеб цIумур.**

Районалъул нухмалъиялъ вихьизавуна цо-цо, кIи-кIи чи районалъул администрациялдаса щибаб школалде. Цересел саназда дандеккун исана дагьаб хисизабуна ахирисеб цIурмил байрам.

Гьединаб къагIида цебеккун киданиги букIинчIо. Районалъул нухмалъи щолаан гIицIго ЛъаратIа школа-интернаталда баркизе ва гьелдалъун лъугIулаан. Исана абуни киналго школазда вукIана райадминистрациялдаса чи. Гьелъул магIна буго, кигIан рикIкIадал росабалъ ругел школазда нахъги районалъул нухмалъиялъул ракI бухIун буго абураб.

*Ахир 3 аб. гьум.*

❁ *байрам. 1 июнь – лъималазул къо!*

## ЛъаратIа лъималазул къо кIодо гьабуна

**ЛъаратIа районалда щибаб лъагIалида, лъималазул къо кIодо гьаби хасаб байрамлъун рикIкIуна. Щибаб лъагIалида гьеб праздник кIодо гьабун, райцентралдаса ва цоги росабалъ, лъималазул искусствоялъул школаз (ДШИ) бихьизабула жидер хIадурлъи. Исанаги гIадат хвезабичIо.**

1 июналда ЛъаратIа культурияб рукъалъул кIудияб залалда тIобитIана лъималазул къо кIодо гьабиялъул ва гьединго ДШиялъул лъагIалил хIадурлъабазул хIасилал гьарулеб концерт. Залалда ракIарана гIисинлъималаздаса чIахIиял хIакимзабазде щун гIемерал чагIи. Гьелъие гIажаиблъи гьабизе ккараб жо гьечIо, ЛъаратIа район рикIкIуна бищунго кечI- макъан бокьулеб, ихтилат гIемераб районлъун. Кьер-кьераб, щибаб бодуе хасиятаб ретIа-къайги бугел гIисинлъималаз берцин гьабун букIана зал.

*Ахир 2 аб. гьум.*

*байрам. 1 июнь – лъималазул къо!*

# ЛъаратIа лъималазул къо кIодо гьабуна

*Байбихьи 1 аб. гьум.*

Гьединго культурияб рукъалъул азбаралда тIобитIана гьелго гIисинал ДШИялъул цIалдохъабаз гьарурал тIагIелазул выставка. Щибаб халкъалъул жодорго махшалида рекъарал батIи-батIиял тIагIелаз цIун букIана азбар. Гьелъие борхатаб къимат кьуна районалъул жамагIаталъ ва нухмалъиялъ. Махшалида гьабураб хIалтIи букIин лъиениго балъголъи букIинчIо.

ДШИялъул цIалдохъабаз ва педагогаз бихьизабуна кIудияб, кIиго сагIатгIан заманаялъ халат бахъараб культураялъул программа. БатIи-батIиял кьурдиял, кечI ахIи ва кучIдул рикIкIи. Районалъул нухмалъиялъул гIемерал чи щвана концерталде. Цо хасаб мухъги залалда ккун гьел кIвар кьун балагьун рукIана сценаялде. Цеве вахъун кIалъана районалъул бетIер Ражаб Ражабов.

**«Хирияллъимал! ТIоцебесеб иргаялда баркула нужеда гьаб жакъасеб нужер праздник. Гьарула нужее щулияб сахлъигун халатаб, баракатаб, ракълилаб гIумру. Жакъасеб къоялъ нуж руго районалъулги, республикаялъулги букIинесеб къисмат баччизе кколел чагIи. Нужеда бараб буго кин тIегьазе ва цебетIезе бугеб нилъер район ва республика цо чанго лъагIалидаса. Умумузул ва улбузул кIудияб жавабчилъи буго нужеда цебе. ЧIахIияз кьураб тарбиялда бараб буго лъималазул гIумруялъул къисмат ва талихI. Нижеца кIвараб гьабулеб буго лъимал сахал ва гIумруялъул роххел лъалеллъун гIезаризе. Гьеб буго нижер тIадаб налъи»,**- ян абуна Ражаб Ражабовас.

Лъималазе ва ДШИялъул цIалдохъабазе кумекалъе, концерталда







гIахьаллъи гьабизе рачIана гьезул эбелэмен, гIагарлъи ва гьитIинал лъималазул гьунаралъул къимат гьабулел, аваданлъигун ихтилат бокьулел гIадамал. ГIемераб хъат кьабун, кутакалда къабул гьаруна гIодор чIараз гIисинал лъималазул гьунарал.

Районалъул ДШИялъул цIияй нухмалъулей, Гулишат Рамазановалъе лъималазул къо кIодо гьабулеб байрам букIана, гьеб идараялъул нухмалъулей хIисабалда, тIоцебесеблъун. ЦIиял хIалтIухъабазул цIикIараб кIваргун жавабчилъи букIуна хIалтIуде ян аби буго. Гьелъ батила гIезегIан кIудияб данделъи хIадур гьабураб Гулишатица. Гьелъул рагIабазда рекъон, хас гьабун гьаб байрамалде букIанила бищунго цIикIараб бербалагьи ва хIадурлъи.

Гулишат Рамазанова: **«Нижее гьаб букIана лъагIалил киналго хIалтIабазул хIасилал рихьизарулеб, отчет кьолеб концерт. Гьеб буго гIисинаб лъимералъе бищунго кIудияб рес жиндирго гьунарал халкъалда рихьизаризе. Гьединго эбел-инсуе щиб рахъалде ва кинаб культурияб пишаялде жидерго лъимер кьезе кколеб бичIчIизе. Баркала киназего концерталде рачIаралъухъ»**.

Концерт лъугIун хадуб киналго церетIурал, хасал гьунарал рихьизарурал лъималазе кьуна батIи-батIиял шапакъатал ва сайингъатал.




# ЛъаратIа си цIигьабулеб буго

**ЛъаратIа росдада нахъа бугеб си гIалимзабаз рикIкIунеб буго гIага-шагарго 17 абилеб гIасруялъул гьоркьохъел соназда бараб бугин.**
**Гьеб заманаялдаса нахъе сиялъул гIицIго цо къадал гьумерги кьучIги хутIун буго.**
**ЛъаратIа район ккола республикаялда рищунго гIемер гьединал сиял нахъе хутIараб бакI. Ахирал соназда культураялъе ва мугIрузе цIикIун кIвар буссинабураб мехалъ, чамалиго гьединал тарихиял сиял цIигьарун руго районалда.**

Районалъул нухмалъиялъ хIукму гьабуна ЛъаратIа росулъ бугеб си цIисверизе. 29 маялда районалъул бетIер Ражаб Ражабов, гьесул заместителал Рамазан ГIабдулхаликъов, ХIажи МухIамадов ва гьел гурел цоги идарабазул церехъаби щвана гьенире ва цIидасан кьучI лъуна гьеб си цIи свериялъе.

Районалъул бетIер Ражаб Ражабовасул пикруялда рекъон, ЛъаратIа район буго бищунго жиндир тарих дагьаб гурони гIадамазда лъалареб, амма рагъазги тIаде кIанцIиязги кIвекIараб ракь.

**«Нилъер район букIана кидаго захIматаб ва хIалхьи гьечIеб, тушбаби тIаде кIанцIиялда хIинкъараблъун. Гьелъие нугIлъи гьабулеб буго жакъа нилъер районалда нахъе цIунарал гIемерал ахIи баялъул сияз ва хъалаяз. Нилъеца жакъа кIвар кьезе ккола нилъер тарихалъе, культураялъе. Лъазе ккола кинаб захIматгун къо-бакъ бихьун нилъер умумуз мугIрузда рукIарахъин гьабурабали. Жакъа нилъеца умумулги ракIалде щун гьал сиял цIи гьаризе ккола»**,-ян бицана Ражаб Ражабовас.





Гьединго районалъул бетIерас баркала кьуна гьеб хIалтIи гьабиялъе гIахьаллъи гьабурал киналго районцоязе, нилъер ракьалъул тарихалде бербалагьи цIикIарал гIадамазе ва кинабго хIалтIуе квербакъи гьабулеб районалъул администрациялъул хIалтIухъабазе.

**ЧАКЪАЛОВ**

*лъайкьей*

# Ахирисеб цIумур цIияб къагIидаялъ кьабуна

*Байбихьи 1 аб. гьум.*

Гьенив багIарараб ихдалил бакъукь макьихун бералгун чIечIого, цеве вахъун цо пасихIаб кIалъай гьабе абун малъун, тIадкъан ритIана киналго вакилзабиги.

ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул азбаралда рещтIана районалъул нухмалъиялъул тIоцебесеб кьерда ругел хIакимзаби. Районалъул бетIер, гьесул заместителал ва цоги чIахIиял идарабазул церехъаби. ГIажаибго кьер-кьерал гьарун ретIакъарал лъималаз сверун ккун бугоан кинабго школалъул азбар. Школалъул директор Зарият Сайпулаевалъ ракI-ракIалъ баркана выпускниказда школа лъугI ва гьарана хадубккун гьезие гIумруялъулъ ритIун ккей.

**«Ахирисекб цIумур кьабигун лъугIулеб буго нужер кIвар гьечIеб ва парахатаб лъимадул гIумру. Нуж руго гьанже чIахIиял, лъимерлъиялдаса араб гIумруялде щварал, бищунго кIвар цIикIараб ва цIияб гIумрудул сухъмахъалде гали тIамураб гIел. Нужеда цебе буго гIумруялъул нухда аслияб суал, нужерго нух тIаса бищи. Гьеб нухде рахъине ккани нужеца тIоцебе тезе ккола бищунго цебесеб хIалбихьи, ай ЕГЭ кьун бажари. Нужер щивасда бичIулеб батила гьел экзаменазда нужее щварал баллазда бараб буго нужер гIумруялъул къисмат. Дица гьарула нужее талихIгун икъбал, щивав выпускникасда жиндирго нух бати. Кидаго кьеги нужее бах гьарулел ишазулъ»**-ян кIалъана Зарият Сайпулаева.

Выпускниказда ахирисеб цIумур баркун цере рахъана районалъул бетIер ва цоги хIакимзаби.

Ражаб Ражабов: **«Нужер щивасда цере рагьун руго кIудиял ресазул нуцIби. Жакъа къоялъ хIажатвуго тIолабго дунялалда хIалтIи лъалев ва бажарулев чи. Гьединав хIалтIухъан кивниги вилиларо. ХIажат буго гIицIго нужерго таваккалльи, лебаллъи ва жигарчилъи. Нужер бажариялда бараб буго нилъер районалъул, республикаялъул къисмат ва цебетIей. Биччанте нужеца школалда босараб гIелмулъаялъ нужее кумек гьабизе киналго хIалбихьиязулъ чIел босизе».**



Лъай кьеялъул идараялъул хIалтIухъан Рамазан ГьитIиновас баркана гьединго выпускниказда праздник. «Дица гьарулеб буго киналго выпускниказе цере чIарал масъалаби рорхизе таваккал ва къохIехьей. ГIелму-лъай босичIев чиясе кидаго захIмат букIуна гIумру гьабизе, жиндирго хъизан-рукъ хьихьизе. Инсан лъугьинавиялъулъ аслияб бакI кколеб буго гIелму цIалиялъ. Кинаб бугониги цо хасаб мухъ ккveзе ккола инсанас жив лъугьинавизе ккани. Гьарула дица нужер щивасе жиндирго битIараб нух кквезе лъай».

Лъайкьеялъул идараялъул нухмалъулев гьеб къоялъ щвана районалъул тIасияб мухъалда ругел Къамилюхъ, Гьенеколоб ва Белъелда школазде. Гьединаб тIадкъай букIана районалъул нухмалъиялъул. Белъелда гьоркьохъеб школалда цеве вахъун Сулейман Меджидов кIалъана: **«Хириял цIалдохъаби, мугIалимзаби ва выпускникал! Дун тIаде жувалев вуго жакъа гьаб бакIалда киналго мугIалимзабаз, директорас ва тIаде рачIарал гьалбаз абурал хинал рагIабазде. Жакъа тIолабго улкаялдаго лъай гьечIев чиясе захIматаб ва къваридаб хIал букIин нилъее балъгояб жо гуро. Школалда 11 соналъ цIалулаго гьазул щивасда бичIчIун батила лъай гьечIолъиялдаса инсанасе бегеб квалквал. Дица выпускниказе гьарулеб буго экзаменазда талихIгун битIккей ва кидаго нужеца кIвахI тун гIелмулъай тIалаб гьабизе. Киданиги кватIун букIунаро инсанасе цIализе».**

Гьединго школа лъугIулел выпускниказ баркала кьуна жидерго мугIалимзабазе, свак тун, захIмат бихьун жидее тарбия-лъай кьуралъухъ. Праздник гьединго тIобитIулеб букIана школьниказ, гIисин лъималаз кечI ахIун, кьурдун ва махсарохочIалъул номерал рихьизарун. Хасго гIемер хIадурлъи гьабун бугоан тIоцебесеб классалъул гьитIичаз.

Тадбир тIобитIулаго киналго школазда цере ахIун шапакъатал кьуна отличниказе, активистазе, районалъул ва республикаялъул олимпиадаязда ва цоги къеццазда гIахьаллъарал ва тIадегIанал бакIал росал цIалдохъабазе.

ГIадаталда рекъон, ахирисеб цIумур кьабизе цере рахъана отличникал ва лъикIго цIалулел выпускникал. Районалъул нухмалъиялъ лъикIаб, тIадегIанаб къимат кьуна киналго школазда гьеб тадбир тIобитIиялъе.



*сахлъи цIуни*

# "Кумек хIажат буго"

*Районалъул нухмалъиялъ Джурмут больницаялъул хал гьабуна*

**Районалъул нухмалъиялъ хасаб кIвар кьолеб буго сахлъи цIуниялъе. МагIарухъ бугониги, хъутаналда бугониги, гьоркьоса къотIичIого хал-шал гьабула киналго больницаязул ва росабалъ ругел ФАПазул. Ирга щвана хъутаналда Джурмут росулъ бугеб больницаялдеги. Гьениб хал-шал гьабуна кинаб хIалалда жакъа гьениб больница бугебали.**

Маялъул 23 абилеб къоялъ районалъул бетIер Ражаб Ражабов ва гьединго гьесда цадахъ Гъерел росдал администрациялъул бетIер ГIабдулхIамид ГIабдулхIамидов, гьеб больницаялъул бетIерав тохтир Ибрагьим ХIажиев ва прессаялъул хIалтIухъаби щвана Джурмут участковияб больницаялде. Районалъул бетIерас хал-шал гьабуна киналго больницаялъул рукъзабазул, палатаязул, кIалъабасай гьабуна унтаразулгун.

ЦIех-рех гьабуна унтаразда кинаб ахIвал-хIал бугеб больницаялда, кьолел ругищ дараби, чIезарулел ругищ къваригIарал шартIал ва гь.ц?

Больницаялда бугеб ахIвал-хIал бичIизабуна бетIерав тохтур Ибрагьим ХIажиевас.

**«Джурмут росулъ бугеб больницаялда буго кинабниги 50 чиясе вегизе бакI. Щибаб лъагIалида гьоркьохъеб къадар хIисаб гьабуни, гьенив сах гьавулев вуго кинавниги 1500 унтарав чи. Законалда рекъон, тIоцересересел, гьечIого гIоларел шартIал чIезарун руго. Абизе бегьуларо больницаялда кинабго жо тIубан, гIунги тIокI буго абун, руго цо-цо хIажатал шартIалги. Гьаб больницаялде сахлъизаризе рачIуна 11 азарго чи, аскIоса гIебеде ругел, Бабаюрт районалъул росабалъа чагIи. Ресалда рекъон гьанире рачIине бищунго санагIат бугел чагIи. Гьединго гьанире щола аскIоб бугеб ЦIунтIа районалдаса гIадамалги. Киназего нижеца кумек гьабизе ккола»-ян бицана Ибрагьим ХIажиевас.**

Гьединго Ибрагьимил рагIабазда рекъон, гьаб больницаялъул мина бан буго 1984 абилеб соналъ. Колхозалъул нухмалъиялда гьорлъ букIараб гьаб бакI хадубккун больницаялъе биччан буго. Гьединлъидал щвалде щвараб ремонтги гьениб букIинчIо, хадубккун ресалда рекъон тIоцересел хIажатал шартIал чIезарун руго. БетIерав тохтурасул пикруялда, гьеб больницаялъе хIажат буго капиталияб ремонт. КьучIдасанго кинабго мина цIигьабизе.

ХIажат буго цIияб лъим бачине больницаялде. Канализацияги цIигьабизе. Унтаразе тIоцересел хIажалъаби чIезаризе нилъеда тIадаб буго, гьединлъидал гьари буго районалъул нухмалъиялда гьединаб кумек гьабизе рес батани, гьеб иш кIочон тогеян абуна больницаялъул бетIерав тохтурас.

Районалъул бетIерасги рагIи кьуна гIагараб заманалда кумек гьабизе рес балагьизе.

# *Прокуратура сообщает:*

**Для опубликования в районной газете в рубрике «Прокуратура разъясняет» направляется статья «Порядок предоставления и использования государственными служащими и муниципальными служащими ежегодных оплачиваемых отпусков».**

Федеральным законом от 01.05.2017 N 90-ФЗ внесены изменения в статью 21 Федерального закона «О муниципальной службе в Российской Федерации».

Статья 21 Закона касается отпусков муниципального служащего.

В соответствии с изменениями муниципальному служащему, для которого установлен ненормированный служебный день, предоставляется ежегодный дополнительный оплачиваемый отпуск за ненормированный служебный день продолжительностью три календарных дня.

Кроме того, исключено положение, согласно которому для муниципальных служащих, замещающих должности муниципальной службы отдельных групп должностей муниципальной службы, законами субъектов Российской Федерации может устанавливаться ежегодный основной оплачиваемый отпуск большей продолжительности.

Ежегодные дополнительные оплачиваемые отпуска будут предоставляться муниципальному служащему за выслугу лет продолжительностью не более 10 календарных дней. Ранее предусматривалось не более 15.

При этом уточняется, что сохраняется право муниципальных служащих, имеющих на день вступления в силу настоящего закона неиспользованные ежегодные оплачиваемые отпуска или части этих отпусков, на их использование, а также право на выплату денежной компенсации за неиспользованные ежегодные оплачиваемые отпуска или части этих отпусков.

Изменения вступили в силу с 12.05.2017.

**И.о прокурора района**
**О.Р. РАМАЗАНОВ**

* * *

**Для опубликования в районной газете в рубрике «Прокуратура разъясняет» направляется информация надзорной деятельности.**

Прокуратурой Тляратинского района провела проверку соответствия уставов религиозных организаций (мечетей), расположенных на территории района, требованиям действующего законодательства.

В ходе проверки установлено, что в уставах 22 религиозных организаций (мечетей) выявлены положения, противоречащие закону.

В частности, в абз. 3 и 5 п. 4.4 раздела 4 уставов предусмотрено, что имамы мечетей создают дружины для соблюдения общественного порядка в дни религиозных праздников и пятничных молитв, а также организуют маслиатские суды для разрешения вопросов возникающих между верующими.

Указанные положения уставов противоречат нормам Конституции Российской Федерации, Федерального закона от 02.04.2014 № 44-ФЗ «Об участии граждан в охране общественного порядка».

По результатам проверки прокуратура принесла протесты на предмет приведения уставов религиозных организаций (мечетей) в соответствие с требованиями действующего законодательства.

**И.о. прокурора района советник юстиции**
**О. Р. РАМАЗАНОВ**

✲ к вашему сведению

## Управление Россельхознадзор по Республики Дагестан государственный земельный надзор предупреждает!!!

**Россельхознадзор по Республике Дагестан предупреждает всех собственников земель сельскохозяйственного назначения о том, что эти земли должны работать, т.е. использоваться по прямому назначению. Неиспользуемые земли сельскохозяйственного назначения зарастают сорной растительностью, что в дальнейшем может привести к пожарам.**

Многие люди убеждены в том, что жечь траву – безвредно и безопасно, а иногда и полезно. Но вред, наносимый весенними палами, огромен. Палы являются настоящим экологическим бедствием.

В соответствии с Постановлением Правительства Республики Дагестан от 13 августа 2012 г. N 273 «О мерах по противодействию выжиганию сухой растительности на территории Республики Дагестан» запрещается выжигание сухой растительности.

При использовании земельных участков категории земель сельскохозяйственного назначения собственники земельных участков, землепользователи, землевладельцы, арендаторы земельных участков обязаны:

- не допускать выжигания сухой растительности, соблюдать требования противопожарных, экологических, санитарно-гигиенических правил;
- в случае обнаружения очагов возгорания сухой растительности незамедлительно информировать органы местного самоуправления, обеспечивать мероприятия по тушению пожара и предотвращению распространения очага возгорания, в том числе опашку места возгорания;
- принимать меры по обеспечению надлежащей охраны используемых земель для исключения несанкционированного поджога сухой растительности или случайного возгорания, вызванного климатическими факторами;
- регулярно проводить противопожарные мероприятия, в том числе создавать минерализованные полосы, своевременно уничтожать пожнивные остатки без огневыми способами, обеспечивать наличие первичных средств пожаротушения и охрану земельных участков от поджога, размещать информационные стенды о запрете выжигания сухой растительности.

Сельскохозяйственные палы приводят к снижению плодородия почвы, повреждению лесозащитных насаждений. Кроме того, они нередко перерастают в крупные пожары, которые угрожают населенным пунктам и могут стать причиной гибели людей.

Управление Россельхознадзора по Республике Дагестан предупреждает о недопустимости сельскохозяйственных палов, а также напоминает, что невыполнение установленных требований и обязательных мероприятий по защите земель и охране почв (зарастание сорной травянистой и древесно-кустарниковой растительностью) – это административное правонарушение, которое влечет за собой привлечение к административной ответственности по ч.2 ст.8.7 КоАП РФ, штрафы по которой составляют:

- для граждан – от 20 000 до 50 000 руб.;
- для должностных лиц – от 50 000 до 100 000 руб.;
- для юридических лиц – от 400 000 до 700 000 руб.

## УСЗН сообщает:

**1. К СВЕДЕНИЮ**

Управление социальной защиты населения в МО «Тляратинский район» напоминает гражданам, имеющим право на ежемесячную денежную выплату по оплате жилого помещения и коммунальных услуг в соответствии с федеральными законами о срочной необходимости предоставления в управление социальной защиты населения сведения о платежах за коммунальные услуги за 2016 год в противном случае выплата ЕДВ по ЖКУ с 01.07.2017 года будет прекращена. По всем вопросам обращаться в Управление социальной защиты населения в МО «Тляратинский район» по адресу: с.Тлярата Тляратинского района тел 8(265) 3-42-12

2. ИНФОРМАЦИЯ О ВНЕСЕНИИ ИЗМЕНЕНИЯ В ЗАКОН РД «О СОЦИАЛЬНОЙ ПОДДЕРЖКЕ ЖЕРТВ ПОЛИТИЧЕСКИХ РЕПРЕССИЙ».

Управление социальной защиты населения в МО «Тляратинский район» доводит до сведения получателей социальных выплат об изменении внесенных в ст. 5 Закона РД № 57 «О социальной поддержке жертв политических репрессий» Законом РД от 5 мая 2017 г. № 31. Закон вступает в силу с 15 мая 2017 г. Вышеуказанный закон предусматривает исключение из числа граждан, имеющих право на меры социальной поддержки по оплате жилого помещения и коммунальных услуг, совместно проживающих членов семей жертв политических репрессий (реабилитированных лиц и лиц, признанных пострадавшими от политических репрессий), т.е. на членов семьи льготы не распространяются.

3.

**Управление социальной защиты населения в МО «Тляратинский район» еще раз напоминает, что постановлением Правительства Республики Дагестан от 2 декабря 2016 года №374 внесены изменения в порядок выплаты ЕДВ по ЖКУ многодетным семьям в части их выплаты семьям,** среднедушевой доход которых ниже величины прожиточного минимума, установленного в Республике Дагестан. Это означает, что ЕДВ по ЖКУ будет назначена и выплачена только при предоставлении документов, подтверждающих сведения о доходах каждого члена семьи (либо отсутствие дохода) и этот доход будет меньше прожиточного минимума на душу населения в Республике Дагестан. Многие до сих пор не представили эти документы, в связи с чем, им выплата прекращена с 1 января 2017 года и будет возобновлена только с даты представления следующих документов: - ксерокопия паспорта получателя с приложением оригинала; - справка о составе семьи сельской администрации; - справки о зарплате взрослых членов семьи за 3 предыдущих месяца перед обращением, в случае, если они не работают – ксерокопии трудовых книжек или справки сельской администрации о том, что не работают; - справки Управления Пенсионного фонда о получаемой пенсии, ЕДВ за 3 предыдущих месяца перед обращением на всех членов семьи; - справка налоговых органов о предпринимательстве на всех взрослых членов семьи; - справка Центра занятости населения о пособии по безработице за 3 предыдущих месяца на взрослых членов семьи; - справка о пособиях, получаемых семьей за 3 предыдущих месяца; В случае отказа от получения ЕДВ по ЖКУ по каким-либо причинам просим Вас сообщить об этом. Кто не представил квитанции за 2016 год, выплаты не будут произведены! В июне истекает шестимесячный срок представления квитанции. После этого срока ЕДВ по ЖКУ будет назначена как первичному получателю со дня обращения.

4

**О РАБОТЕ ОБЩЕСТВЕННОГО ПОСТА ПО ВОПРОСАМ КОРРУПЦИИ!**

Управление социальной защиты населения в муниципальном образовании «Тляратинский район» информирует жителей района о том, что в Управлении организован общественный пост для приема граждан по вопросам коррупции. **Прием ведется еженедельно, каждый четверг с 11:00 до 13:00.** А также установлен специализированный ящик «Для обращения граждан по вопросам коррупции»

**Подробную информацию можно получить по телефону: 8 (265) 3-42-12.**

✲ щивго кIочон гьечIо...

## ГIумарпашаев ракIалде щвезавиялъул турнир тIобитIана




**Дагъистан республикаялъул мустахIикъав юрист, Рамазан ГIумарпашаев ракIалде щвезавиялъул турнир тIобитIана 22 абилеб маялда, Асильдар Сайпулаевасул цIаралда бугеб ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул залалда. Турнир тIобитIиялъе квербакъи гьабуна районалъул администрациялъул физкультураялъулгун спорталъул комитеталъ ва ва ГIумарпашаевасул гIагарлъиялъ. Къецазда гIахьаллъана кинабниги 9 команда батIи-батIиял росабалъа.**

Къеццал байбихьизе цеве вахъун кIалъана ЛъаратIа росдал администрациялъул бегавул ГIумарпаша Рамазанов.

«Гьаб залалда жакъа тIобитIулеб буго иргадулаб спортивияб праздник. Нилъер районалъул гIолохъабазе цIакъго бокьула эркенаб гугари, гьединго волейбол бокьулел чагIиги дагьал гьечIо. Гьаниб гIахьаллъи гьабулеб буго районалъул тIаса рищарал командабаз.

Дие бокьун буго щивав спортсменасе гьаризе щулияб сахлъи ва къецалда битIккей. Дида ракIалда ккола нилъер районалда волейбол жеги цебе тIезе бугин. Гьаб дир инсул цIаралда тIобитIулеб турнирги буго тIоцебе байбихьулеб ва хьул буго щибаб лъагIалида тIобитIизе бугин. Щайгурелъул дир инсуе рокьулаан командаялъулал хIаял»-ян бицана ГIумарпаша Рамазановас.

Рамазан ГIумарпашаев вукIана гIемерал батIи-батIиял идарабазда хIалтIарав, хIалбихьи ва бажари бугев хIалтIухъан. Гьев вукIана районалъул халкъияв судиявлъун, комсомолазул тIоцевесев секретарьлъун ва пенсиялде ун хадув, республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул гIакълучилъун вукIана. Исана цIияб санал байбихьуда гьев нилъедаса ватIалъана. Аллагь жинда гурхIайги.

Къецазул хIасилазда рекъон, тIоцебесеб бакI кидаго гIадин босана Росноб командаялъ, киналго дандчIваязулъ ракIчIарал бергьенлъабиги росун. КIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана ЛъаратIа росдал команда ва лъабабилеб бакI Хидиб командаялъе щвана.

Бергьарал командаязе кьуна гIемерал шапакъатал.



*Прокуратура сообщает:*

## ИНФОРМАЦИЯ для предпринимателей

В соответствии с распоряжением Генерального прокурора Российской Федерации и прокурора Республики Дагестан в прокуратуре Тляратинского района организовано ежемесячное проведение Всероссийского дня приема предпринимателей начиная с апреля 2017 г. в рабочее время в первую среду месяца.

Уполномоченные лица, осуществляющие прием предпринимателей в ходе Всероссийского дня приема предпринимателей в прокуратуре Тляратинского района и.о. прокурора Тляратинского района Рамазанов О.Р. и заместитель прокурора Тляратинского района Ахмедов С.Г. место проведения приема - здание прокуратуры Тляратинского района по адресу: с. Тлярата Тляратинский район

**И.о. прокурора района**
**советник юстиции О.Р. РАМАЗАНОВ**

Редактор:
**Раджабов Расул Абакарович**
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрациялъул ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0106

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж 1100 экз.** **Индекс: 51372.**

Газета отпечатана в типографии "Лотос" по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать: по графику: 19.00 фактически: 19.00 , 12.06.2017
Заказ ___________________